

LeeTran Disadvantaged Business Enterprise (DBE) Goal Setting and Public Comment Meeting Notice

NOTIS PIBLIK

Lee County Transit (LeeTran)

Antrepriz Komèsyal ki Defavorize

Objektif pou twazan pou ane fiskal federal 2023-2025

Se politik Konsèy Komisè Konte Lee a (ann anglè, *Lee County Board of County Commissioners*) pou asire yon Antrepriz Komèsyal ki Defavorize yo (ann anglè, *Disadvantaged Business Enterprise, DBE*) genyen yon maksimòm opòtinite pou resevwa epi patisipe nan pèfòmans kontra ki finanse ann antye oswa an pati avèk fon federal. Lee County Transit (LeeTran) pa pral pèmèt pou yo eskli okenn moun oswa okenn biznis pou pa patisipe, oswa pou refize ba yo benefis, oswa pou yo fè diskriminasyon kont yo an rapò ak atribisyon ak pèfòmans kontra Depatman Transpò Etazini (ann anglè, *U.S. Department of Transportation, DOT*) sou baz sèks, ras, koulè, oswa orijin nasyonal. Lamenm yo bay notis, ki fè konnen LeeTran te etabli yon objektif jeneral ki net an rapò ak ras pou DBE ki fikse a 1.10% pou ane fiskal federal yo soti nan 2023 pou rive jiska 2025. Objektif DBE a aplikab pou opòtinite kontra DOT sipòte yo ki pwograme pou yo atribye pandan peryòd 1ye oktòb 2022 jiska 30 septanm 2025.

Reyinyon pou objektif LeeTran pwopoze a pral fèt vityèlman nan <https://meet.goto.com/140980397> nan dat jedi 2 jen 2022 a 6:00 pm. Objektif jeneral yo pwopoze a ansanm ak rezon pou reyinyon an disponib pou enspeksyon sou entènèt la sou sitwèb LeeTran nan pandan trant (30) jou aprè dat notis sa a, epi ant 8:00 A.M. a 5:00 P.M., de lendi a vandredi nan lokal ki pral site anba a:

Lee County Transit

Atansyon: Ranice Monroe, DBE Liaison Officer

3401 Metro Pkwy

Fort Myers, FL 33901

(239) 533-0374

rmonroe@leegov.com

LeeTran pral aksepte kòmantè sou objektif sa a yo pwopoze a pandan karann-senk (45) jou apati dat notis sa a. Ou ka voye kòmantè alekri yo bay LeeTran nan adrès ki mansyone anwo a.